8. Yusupov I. «Tańlamalı Shıǵarmaları». Úsh tomlıq III tom. Nókis, «Bilim», 2018-jıl..
9. Yusupov I. «Duzlı samallar». Nókis, «Qaraqalpaqstan» baspası – 1988-jıl.
10. http://www.kitapxana.com/kitap/berdaq_tanlamali_shigarmalar_jiynagi/ 287
11. Ájiniyaz. «Ilim» baspası, 2014.

**REZYUME.** Bu maqolada adabiyotshunoslik bilan ádebiy aloqador muammolar soʻz etiladi. Asosan ádebiy aloqalar, Sharq poeziyasi bilan qoraqalpoq adabiyotining oʻzaro aloqasi qanday darajada ekanligi, XX asr qoraqalpoq poeziyasi, shuning ichida I. Yusupov lirikası solishtirilib ilmiy fikrlar bildiriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье будут рассматрены литератураведческие вопросы, взаимосвязь литератур. В основном речь идёт о взаимосвязи между восточной поэзий и каракалпакский литературы XX века, в том числе о поэзий И.Юсупова.

**SUMMARY.** This article will consider literary issues, the relationship of literatures. Basically, we are talking about the relationship between Eastern poetry and Karakalpak literature of the twentieth century, including the poetry of the poet I. Yusupov.

## NAWAYÍ SHÍǴARMALARÍNÍŃ BÚGINGI KÚN MENEN ÚNLESLIGI

**A.A.Prekeeva** – *filologoya ilimleriniń kandidatı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem oner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*
**K.Qurbaniyazova** – *oqıtıwshı,*
*Kegeyli rayonına qaraslı 2-sanlı kásip óner mektebi*

**Tayanısh sózler:** Á.Nawayı shıǵarmaları, «Hamsa» dástanı, aruz ólshemi, ilimiy shıǵarmaları, túrkiy til,aruz olshemi,tariyx, kórkem shıǵarmaları, ilimniń ulıǵlanıwı, innovaciyalıq oyları, sıyqırlı ayna, kámillik.

**Ключевые слова:** дастан А.Навои "Хамса", измерение аруз, научные сочинения, тюркский язык, история, художественные произведения, возвеличение науки, инновационные мысли, волшебное зеркало, совершенство.

**Key words:** dastan A. Navoi "Khamsa", measurement of aruz, scientific works, Turkic language, history, works of art, exaltation of science, innovative thoughts, magic mirror, perfection.

Ullı ulama hám kórkem sóz sheberlerimiz áziz áwliyelerimizdiń biybaha miyrası, jeńilmes sárkarda hám qaharmanlarımızdıń mártligin jaslar sanasına sińdiriw, olarda milliy maqtanısh, quwanısh tuyǵıların kúsheytiwge ayrıqsha itibar qaratıwımız kerek. [1]

Nizamaddin Mir Alisher Nawayı dúnyalıq oylaw, pikirlew tariyxında óziniń kórkem shıǵarmaları menen álemdi lal qaldırǵan kórkem sóz sheberi bolıp esaplanadı. Ullı sóz zergeri áwladlarına jigirma tomnan artıq miyras qaldırǵan bolsa, temaları keń, hár qıylı. Onıń shıǵarmalarınıń ideyası búgingi kúnimiz benen únlesligi menen áhmiyetin joǵaltpay kiyatır. Shayır kórkem shıǵarmaları menen birge jazıp qaldırǵan ilimiy shıǵarmaları da házirgi kúndegi ilim ushın derek xızmetin atqarıp kelmekte. Sebebi bul shıǵarmalarda túrkiy xalıqlardıń tiline, ádebiyatına, tariyxına baylanıslı bay maǵlıwmatlar jazılǵan. Máselen «Muhokamat-ul luǵatayn» shıǵarmasında parsı tili menen salıstıradı hám túrkiy tiliniń abzallıqların dáliller menen ashıp beredi. [2] Sol dáwirde Xorasan húkimdarı bolǵan Bayqara túrkiy tili haqqında nızam shıǵaradı hám bul nızamǵa juwap retinde Nawayı «Xamsa» shıǵarmasın túrkiy tilde jazıp, tilimizdi saqlawǵa, abırayın arttırıwǵa úlken úles qosqan.

«Mezon ul-avzon» shıǵarmasında túrkiy tildegi ádebiyattanıw ilimindegi aruz qosıq olshemine arnalgan. Á.Nawayıǵa shekem aruz ólsheminiń toǵız túri bolǵan bolsa, Nawayı bunı on altıǵa jetkeredi. Bul shıǵarmada aruz ólshemin dálillep túsindirip ótedi. Tariyx ilimi boyınsha da Á.Nawayı «Tariyxı anbiyo va hukamo» hám «Tarixi muluki Ajam» shıǵarmaların dóretken. Bul shıǵarmalarında payǵambarlar hám ulamalar tariyxına, Turan hám Iran ellerinde húkimdarlıq etken alpıs úsh patshanıń ismleri, ómirbayanı, alıp barǵan siyasatlarına keń túrde maǵlıwmat berip ótedi. [3]

Á.Nawayınıń shıǵarmalarınıń qaysı birin alıp qarasaq ta, shayırdıń óziniń kórkem niyetiniń sáwlelengenin sezemiz. Onıń shıǵarmalarında eldiń tınıshlıǵı, abadanshılıǵı, ádalatlı patsha sonday-aq, ilimnıń ulıǵlanıwın kóremiz. Máselen,

«Hayrat ul-abror» dástanında:
Bilimnıń teńizin iyeledi ol,
Hám onı ardaqlap súyer edi ol, - [4]

dep ilimniń ulıǵlanǵanın kóremiz. Bunday ideyanı Nawayınıń barlıq shıǵarmalarında ushıratamız. «Láyli Májnun» shıǵarmasında da Qays penen Láyli kishkene waqıtlarınan bilim alıwǵa qushtarlıǵı sebepli ekewi de mektepke oqıwǵa keledi. Mektepte Qays tez sawatın ashıp barlıq bilimlerdi iyelep alıwı ustazların, teńleslerin hayran qaldıradı. Bul orında Nawayı Alla óziniń súyikli bendelerine ayrıqsha talant beretuǵının kórsetpekshi bolǵan. [5.Navoyishunoslik, Tamaddun Toshkent 2019, 123 b.] «Farhad hám Shiyrin» dástanında ilim joqarı dárejede ulıǵlanadı. Bul jerde de Nawayı óziniń maqseti, oy-pikiri ashıq-aydın kórinedi. Farhad Shın eliniń balası, tuwılǵannan baslap ózgeshe pazıyletleri menen átirapındaǵılardı tań qaldıradı.

Shıǵarmada Farhad fizikalıq jaqtan qúdiretli, sheksiz talant, joqarı pazıyletlerge iye insan sıpatında súwretlenedi. Ol dúnyadaǵı barlıq ilimlerdi iyelep bolǵan soń, onı qızıqtıratuǵın hesh nárse qalmaydı, sonlıqtan Farhad qástelenip qaladı. Ol jalǵız bala bolǵanlıqtan, ata-anası onıń kewlin mudamı baǵıp otıratuǵın bolǵan. Shah balasınıń kewlin alıw, káypiyatın kóteriw ushın jıldıń tórt máwsimine say etip tórt saray qurǵızadı. Bul saraydıń qurılısında Farhad tas jonıw, naǵıs oyıw hám arxitektura ónerin tereń iyeleydi. Usı ónerlerdi úyreniw waqtında kewli bólinip, kewli kóteriledi. Ata-anası balasınıń bul islerinen júdá kewli toq edi. Bul ónerlerdi úyrenip bolǵannan soń, Farhad jáne qástelenip qaladı, ákesi aqırında taxtın usınıs etedi. Sonıń menen balasınıń dártine dawa tappaqshı boladı, biraq Farhad bunıń ushın el basqarıw islerin úyrenip, tájiriybe arttırıp alıwǵa ruqsat soraydı. Bunnan soń, ol atasınıń ǵáziynexanasndaǵı esapsız baylıqlar menen tanısa baslaydı. Bul jerde onı perde artındaǵı xanada saqlanıp atırǵan sandıqtaǵı tilsimli ayna qızıqtırıp qaladı. Aynanıń sırın ashıw ushın Farhad ata-anasınan ruxsat soraydı. Bul sırdı ashıw ushın qáwip-qáterlerden ótiw kerek boladı. Ata-anası jalǵız bala bolǵanlıqtan onı jibergisi kelmeydi.

Á.Nawayı bul arqalı jáne de ilimdi iyelewdiń qıyınshılıǵı, bul jolda dus keletuǵın mashaqatlar, gózlegen maqsetten adamnıń tayınbawı kerekligin uqtıradı. Balasınnıń awhalı kem-kemnen tómenley baslaǵanın sezgen ata-anasınıń kewil-keypiyatı bolmay, aqırında sıyqırlı aynanıń sırın ashıwǵa ketiwge ruqsat etedi. Oǵan atası kúshli armiya, nóker beredi. Usı armiyası menen sol aynanıń sırın ashıw ushın jolǵa túsedi. Ilimniń sırların ashıw ushın eń áwele ozińde bilim, jol-joba beriwshi ustaz bolıwı kerek. Ustazları Suhaylo, Suqrat oǵan ustazlıq etip, járdem beredi. Suxaylo sırdı ashıw ushın aydarhanı, dáwdi, arıslandı, temir paykardı jeńiw kerekligi haqqında xabar beredi hám aydarhanı jeńiw ushın samandar mayın usınadı. Bul maydı denesine jaqsa, aydarhanıń otınan aman esen ótedi. Barlıq tosqınlıqlardı jeńip, Suqrattıń aldına baradı. Suqrat Farhad penen gúrrińleskende Balam, Farhad men seni segiz júz jıldan berli kútip atırman.Tábiyat adamzattan barlıq sırların mudamı jasırıp kelgen. Bıl sırdı tek sen ashasań – deydi de sıyqırlı aynanıń giltin beredi hám ózi bul dúniya menen xoshlasadı. Mashaqatlı miynetlerden keyin Farhad ilimniń túyinin sheship, aynanıń sırın ashadı. Bul arqalı da Nawayı ilim hám dúnyanıń sırları haqqında óz kózqarasların hám óziniń kórkem niyeti, adamzattıń ilim iyelep, dúnyanıń sırların ashıwınıń tárepdarı ekenligin bildiredi. Bul jerde grek filosoflarınıń ismin qollanıwı da shayırdıń ilimdi ulıǵlawınıń ayqın kórinisi. Usı sıyqırlı aynanıń sırın ashıp, onda Armeniyanıń gózzal qızı Shiyrindi kóredi. Bul arqalı shayır ásirler dawamında xalqımızdıń armanları, qızıǵıwshılıǵı innovaciyalıq oyların óz shıǵarmalarında qollanıp dúnyanıń sırların ashıwǵa adamzattıń qızıǵatuǵının kórsetpekshi boladı hám usı arqalı óziniń kórkem niyetin súwretlep beredi. Endi sırdı ashtım boldı dep, Farhad toqtap qalmaydı. Armeniyaǵa barıp Shiyrindi kórgisi keledi, sebebi ol bul qızǵa ashıq bolıp qalǵan edi. Biraq ata-anası jalǵız bala bolǵanlıqtan onı jibergisi de kelmeydi. Farhad maqsetin iske asıra almaǵanına qıynalıp awırıp qaladı. Kúnnen-kúnge awhalı awırlasıp, ata-anası uwayımǵa túsedi. Barlıq ataqlı táwiplerdi shaqırıp kórsetedi. Olar balanıń denesinde suw azayıp ketkenligin, ıǵal hawada jasaw kerekligine másláhát beredi. Ata-anası ilajsızlıqtan Farhadtı teńizdegi atawda jasaw ushın qasına barlıq adamları menen qosıp jiberedi. Teńizde qattı dúbeley, dawıl kóterilip, adamları teńizge ǵarq bolıp Farhadtıń bir ózi aman qaladı da, onı teńiz arqalı sawda isleytuǵın sawdagerler tawıp aladı.

Mıltıq atıw, granat ılaqtırıw ónerlerin meńgergenlikten sawdagerlerdi qaraqshılardan aman alıp qaladı. Sawdagerler ırazı bolǵanlıqtan Farhaddı mánziline jetkerip beredi. Shayır bul jerde, jigitke jeti óner az, niyetiń joldasıń degen ideyalardı alǵa súredi Uzaq mashaqatlardan soń, Farhad Shiyrindi kóriw baxtına miyasar boladı. [6] Ol dáwirde Shiyrinniń eli suwsızlıqtan azap kórip atırǵan edi. Bul elde Farhad tas jonıw ónerlerin iske salıp, taw arqalı xalıqqa suw jetkerip, suwsızlıqtan qutqaradı. Ilim menen birge ónerlerdińde de kámillikke jeteleytuǵının, kámil insan el mápi ushın xızmet etiwi kerekligin uqtıradı.

Shayırdıń «Saddi Iskandariy» dástanında da, ilimge umtılıwshılıq, ilimniń ulıǵlanıwın kóremiz. Bul dástanda bas obraz Iskender Zulxarnayın. Onıń ákesi balasınıń tálim-tárbiyasına erteden

itibar qaratadı. Ákesi qaytıs boladı. Bunnan soń, taxt Iskenderge miyras bolıwı kerek.

Ustazlarına oylasadı, tayarlanadı, sonnan keyin ustazı Arastu oǵan taj kiygizedi. Iskender taxtqa otırǵannan keyin, mámleketti ádalat penen basqara baslaydı. Shax tereń ilim bilimge iye, ádep-ikramlıq pazıyletleri menen óskenlikten birinshi gezekte xalıqtıń jaǵdayların úyreniwden baslaydı. Sebebi ol ustazı Arastu menen ádalatlıq haqqında kóp soraw-juwap penen gúrrińlesip turatuǵın edi. Shayır ádalatlıqtı gúrrińler menen túsindirip beredi.

Álisher Nawayı jasaǵan dáwirler alǵaw-dalǵaw, taxt ushın talaslar, ádalatsızlıqlar saldarınan elde tınıshsızlıqlar júdá kóp kórgen. Shıǵarmalarınıń ideyası shayırdıń óziniń ármanları, óziniń maqsetleri, niyetleri edi. Iskender Zulxarnayın «Saddi Iskandariy» dástanında ádalatlı shax obrazında súwretlenedi. Onıń dańqı Iran shaxı Dara menen urısta jeńip shıqqannan soń pútkil jáhánge tanılıp ketedi. Nawayınıń ózin dúnyanıń sırları qızıqtırǵanlıǵı sebepli shıǵarmalarına usınday innovaciyalıq oyların kirgizgen bolsa kerek.

Á.Nawayı poeziyasında adamgershilik teması úlken orın iyeleydi. Ol pútkil dúnya ádebiyatında adamgerhsilik temasına úlken áhmiyet berdi, hárqanday adamda adamgershiliktiń joqarı bolıwın talap etti. [7]

Meni ıshqı dárti emes, el dárti qıynar,
basımnan ketpeydi mıń túrli oylar
Adam dep atama onday adamdı,
Xalıq ǵamın oylamaǵan jamandı.

– dep shayır bárhamá el dárti menen, eldiń tınıshlıǵın, abadanlıǵın hám ádalatlıqtı qumsap jasaǵanın sezinemiz. Bul arzıw-ármanları dostı Xusayın Bayqaranıń Xorasan taxtın iyelewi menen iske astı.

Alımlarǵa tájim, payǵambarǵa tájim, – dep sol shıǵarmalarında da usı pikirlerdi ulıǵlap, dúnyanıń sırların ashnıwǵa, biliwge shayırdıń ózinde ıqlas qızıǵıwshılıq bolǵanlıǵın kóremiz. Usı oyların shıǵarmalarında kórkemlep súwretlep xalıqqa jetkizgen. Eldiń rawajlanıwınnıń tiykarı tınıshlıq, ádalatlıq, ilim-bilim dep túsingen.

Haqıyqatında da, Ózbekstannıń búgingi kúndegi siyasatı menen únles, insan qádiri, insandı ulıǵlaw, eldiń tınıshlıǵı, ádalatlıq, jaslardı hár tárepleme qollap-quwatlaw, eldiń abadanshılıǵın támiyinlew bolıp esaplanadı.

Sonıń ushın Prezidentimiz Sh.M.Mirzioyev: «Ádebiyat – xalıqtıń júregi, eldiń ruwxıy dúnyasın kórsetedi, búgingi quramalı, qospalı zamanda adamlardıń kewline jol tabıw, olardı iygilikli islerge yoshlandırıwda, ilhámlandırıwda ádebiyattıń tásirsheń kúshinen paydalanıwımız zárúr» – degen edi óz sózinde. [8]

«Túrki tilde qolǵa alıp qálemdi,
Qálem menen boysındırdım álemdi» - dep dúniyaǵa túrkiy tiliniń abzallıqların ilimiy jaqtan sıpatlap bergen ullı oyshıl, ǵázzel múlkiniń sultanı, milliy mádeniyatımızdıń teńsiz shayırı Nawayınıń shıǵarmaların oqıw, úyreniw arqalı jaslardı kámillike, joqarı dárejedegi insanıylıqqa, patriotlıqqa, innovaciyalıq rawajlanıwǵa erisiwge jeteleydi. Biz jaslarǵa hárbir kórkem sóz sheberiniń snıǵarmasın úyretkende, olardıń qálbinde watan, insan qádiri, joqarı adamgershilik, ilim-bilim haqqında sezimlerdi oyata alatuǵın ullı tulǵalardı tereńnen, túsindiriwimiz lazım. Sonda ǵana biz ádalatlı, innovaciyalıq rawajlanǵan, demokatiyalıq puqaralıq jámiyetti bekkem etip ornata alamız. Nawayı shıǵarmalarınıń ólmesligi de búgingi kún menen únlesliginde.

**Ádebiyatlar**


1. Sh.Mirziyoyev. Imom Buxoriy xalqaro ilmiy tadqiqot markazi. O‘zbekstondagi Islom sivilizatsiyasi rivojiga hissa qoshgan 10 buyuk ajdodimiz,Web-site E-mail:info@buknari.uz
2. Sh.Sirojiddinov, D.Yusupova, O.Davlatov. Navoiyshunoslik ,,Tamaddun” Toshkent-2019 y,
3. Sh.Sirojiddinov, D.Yusupova, O.Davlatov. Navoiyshunoslik ,,Tamaddun” Toshkent-2019y, 218-226 b.
4. D.Aytmuratov, «Á.Nawayı ǵázzelleri» (qaraqalpaqsha awdarması) Nókis, «Qaraqalpaqstan» baspası-1991 j.
5.A.Navoiy. «Layli va Majnun», G‘afur G‘ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi,Toshkent-2020 y.
6.A.Navoiy. «Farhad va Shirin», G‘afur G‘ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, Toshkent-2020 y.
7. K.Mámbetov. Ózbek hám qaraqalpaq ádebiy baylanısları, Nókis, «Qaraqalpaqstan»-1992 j, 26 bet.
8. Мирзиёев Ш. Адабиёт, санъат ва маданият яшаса, миллат ва халқ, бутун инсоният безавол яшайди.www.xabar.uz.

**REZYUME.** Bul maqala Á.Nawayı shıǵarmalarınıń búgingi kún menen únlesligi hám ilimniń ulıǵlanıwı, innovaciyalıq oylarına arnalǵan.

**РЕЗЮМЕ.** Эта статья посвящена актуальности произведений А.Навои, инновационным мыслям и прославлению науки в его произведниях.

**SUMMARY.** This article is devoted to the relevance of A. Navoi's works, innovative thoughts and glorification of science in his works.

## ÓZBEKSTANDA HAYAL - QIZLAR HÁREKETINIŃ RAWAJLANÍWÍNDA MÁMLEKETLIK EMES, KOMMERCIYALÍQ EMES SHÓLKEMLERDIŃ ORNÍ

**L.K.Urazova** - *tariyx ilimleri kandidatı, docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem oner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** O'zbekiston Respublikasi, nodavlat notijorat tashkilotlari, oila, huquq, onalik, kasaba uyushmalari, xotin-qizlar uyushmalari, normativ-huquqiy hujjatlar.

**Ключевые слова:** Республика Узбекистан, Негосударственные Некоммерческие организации, семья, права, материнство, профсоюзы, женские ассоциации, нормативно правовые документы.

**Key words:** Republic of Uzbekistan, Non-governmental non-profit organizations, family, rights, motherhood, trade unions, women's associations, normative legal documents.

Ǵárezsizlikke erisiw dáwirinde hayal-qızlardıń huqıqıy jáne social qatnasıqlardıń jańa sistemasın qurıw principleri hám normaların ámelge asırıwdaǵı ornı ayrıqsha. Mámlekettiń normativlik-huqıqıy hújjetlerinde hayal-qızlardıń jámiyet hám shańaraqtaǵı ornı ayrıqsha belgilengen bolıp, bul mámleket institutlarına, jámiyetshilikke hám hár bir puqaraǵa hayal-qızlarımızdıń táğdiri hám turmısı ushın juwapkerlikti júkleydi.

Ózbekstan Respublikası prezidenti Shavkat Mirziyoyev hayal-qızlardıń jámiyettegi rolin joqarı bahalap, hayal-qızlar Ózbekstan insan kapitalınıń altın fondın qurawın aytıp ótti [1]. Dástúrge kóre, hayal-qızlar shańaraq oshaǵınıń saqlaǵıshları, úydegi tınıshlıq hám párawanlıq ushın juwapker, balalar hám aqlıqlardı tárbiyalaydı. Búgingi kúnde mámleketimizde hayal-qızlardıń mámleket hám jámiyet turmısındaǵı ornı barǵan sayın artıp baratırǵanı quwanarlı. Olar mámlekettiń sociallıq-siyasiy turmısında belsene qatnasıp, Ózbekstannıń rawajlanıwına múnásip úles qosıp atır. Mámleketimizde hayal-qızlardıń huqıq hám nızamlı máplerin támiyinlew, olardıń qábiletleri hám múmkinshiliklerin ámelge asırıw, hayallardı jámiettiń teń huqıqlı, belsene hám ǵayratker aǵzalarına aylandırıwǵa qaratılǵan keń kólemli jumıslar ámelge asırılıp atır. Mámleket siyasatı dárejesine hayallardı social qorǵawdı kúsheytiw, olardı jumıs penen támiyinlew, densawlıǵın bekkemlew hám qorǵaw máselesi kóterildi.

Búgingi kúnde Ózbekstan tárepinen hayal-qızlar máplerin qorǵawǵa qaratılǵan 100 den artıq milliy hám xalıq aralıq huqıqıy hújjetler qabıllandı hám ratifikatsiya etildi. Hayallardıń mámleket basqarıwındaǵı qatnasıwı da barǵan sayın belsendilesip barmaqta. Bul nızamlardıń ámelge asırılıwı hayal-qızlarǵa bolǵan múnásibetti ózgertiwge, olardıń jámiyet hám mámleketlik jumısların basqarıwda, sonday-aq qararlardı qabıllaw proceslerinde qatnasıw dárejesin asırıwǵa múmkinshilik beredi. Joqarı maǵlıwmat alıw múmkinshiligin keńeytiw, sonıń menen birge, hayal-qızlar bántligin asırıwda úlken áhmiyetke iye. 1992 jılı Ózbekstan BMShǵa qabıl etilgeninen keyin, birneshe jıl dawamında puqara hám shaxstıń hár tárepleme teńligi ilajların ámelge asırıw tiykarları islep shıǵıldı. 1993 jıl 4-martta Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Sog'lom avlod uchun» ordenin tastıyıqlaw haqqında Pármanı qabıl etildi.

1995 jılı iyul ayında Ózbekstan BMSh niń «Hayal-qızlarǵa qaratılǵan diskriminaciyanıń barlıq formaların saplastırıw haqqında»ǵı Konvenciyasına qosıldı. Bir qatar basqa ilajlar ótkerilip, atap aytqanda, sol jılı Ózbekstan Respublikası Parlamenti janında insan huqıqları boyınsha wákil institutı (Ombudsman) dúzildi, onıń ústin turatuǵın baǵdarı hayal-qızlar hám balalar huqıqların qorǵaw boldı.

Búgingi kúnde Ózbekstanda 34 739 400 adam sanı bolıp, olardan 17 471 823 hayal-qızlar [2], yaǵnıy Respublika xalqınıń derlik yarımın hayal-qızlar quraydı hám olardıń anıq máseleleri tiykarǵı sociallıq áhmiyetke iye. Hayallardıń kúndelik turmısı jámiyetke úlken tásir kórsetedi hám hayal-qızlardıń rawajlanıwı progresstiń kórsetkishi bolıp tabıladı.